

20 fevriye 2026

Sijè: Enfòmasyon enpòtan sou chanjman ADAP Florid ak sèvis Pwogram Ryan White ou yo

Ou menm ki konsène,

N ap ekri ou pou pataje enfòmasyon enpòtan sou chanjman yo pwopoze nan Pwogram Asistans pou Medikaman SIDA Florid la (ADAP). Malgre chanjman sa yo poko kòmanse, nou vle fè w konnen sa w kap fè kounye a epi kijan Konte Miami-Dade ap prepare pou sipòte w.

Sa Ou Ka Fè Kounye a:

Ou ka ede pwoteje sante w ak aksè ou gen a swen lè ou pran etap sa yo:

- **Tanpri pa sispann pran medikaman ou yo.**
- **Kontinye ale nan randevou medikal ou yo jan yo pwograme.**
- Tcheke lapòs ou epi pote nenpòt lèt ADAP pou kasemanajè ou a. Li ka ede w konprann chanjman yo.
- Al pran dòz medikaman ou yo pou mwa Fevriye a, epi **mande famasi a si ou ka jwenn yon dòz pou 90 jou.**
- Rete an kontak ak **Kasemanjè** ou a, ki ka ede eksplike opsyon ou ak pwochen etap yo.
- Si ou pa gen yon Kasemanajè Ryan White kounye a, ou ka ale sitwèb www.miamidade.gov/HIVSupport. pou jwenn asistans toupre w, oswa kontakte Pwogram Ryan White la nan 305-375-4742 pou jwenn èd.
- Vizite sitwèb Depatman Sante Florid la pou jwenn dènye enfòmasyon sou chanjman ADAP yo: <https://www.floridahealth.gov/individual-family-health/injury-prevention-wellness/hiv-aids/hiv-aids-management/>.

Kisa ki ap pase

Yon avi resan sou sitwèb Depatman Sante Florid la endike ke li gen plan pou fè gwo chanjman nan kalifikasyon ak sèvis ADAP yo apati **1ye mas 2026**, si chanjman sa yo aplike jan yo te dekre yo. Yo kominike enfòmasyon chanjman sa yo atravè lèt ke kèk kliyan te ka resevwa ki enkli:

• **Diminye limit revni pou kalifye pou ADAP** – kliyan ki gen revni plis pase 130% Nivo Povrete Federal la (apeprè \$20,748 pa ane pou yon kay ki gen yon sèl moun) pa kalifye pou sèvis ADAP yo

- **Mete fen nan èd pou peye prim asirans sante yo**

- **Chanje ki medikaman VIH ke yo kouvri** – yo pa kouvri Biktarvy® ankò epi yo limite moun ki ka resevwa Descovy®

Nou konprann ke enfòmasyon sa a ka sanble tankou li rive bri sou kou, epi ke li ka koz konfizyon, oswa estrès. Tanpri konnen ke pwogram lokal Ryan White yo ak patnè kominotè yo pa t resevwa avi sa adavans sou chanjman ke yo pwopoze a. N ap chèche klarifikasyon epi n ap pote plent, pandan se tan nou ap prepare pou reponn a konsekans li ka genyen sou kliyan ak sèvis lokal yo.

Sa Sa Vle Di Pou Ou

Si ADAP kontinye ak chanjman sa yo:

- Gen kèk kliyan ki ka pèdi èd pou peye asirans yo oswa medikaman yo resevwa atravè ADAP
- Gen kèk kliyan ki pral bezwen konte plis sou Pwogram Ryan White lokal yo pou swen medikal VIH yo ak asistans pou medikaman yo

Tanpri konnen:

- **Pa gen okenn chanjman imedya ki fèt jodi a.**

- Konte Miami-Dade ap planifye san pran souf pou ede **minimize entèripsyon nan swen.**
- **Konte a ak patnè kominotè yo, ak defansè atravè la Florid** ap siveye san pran souf epitou ap chèche klarifikasyon e ap pote plent konsènan chanjman ADAP pwopoze.
- **Gen kèk sèvis Pwogram Ryan White ki ka afekte** si chanjman ADAP yo aplike, men objektif nou se prezève aksè a swen ki pi esansyèl ki gen rapò ak VIH, espesyalman swen medikal ak aksè a medikaman ki kenbe lavi.
- Si chanjman nan sèvis Pwogram Ryan White lokal yo vin nesèsè, yo ka rive **piti piti**, pa tout an yon sèl kou.

Sa Konte Miami-Dade ap fè

Konte Miami-Dade ak Pwogram Ryan White la ap:

- Ap travay ansanm ak patnè kominotè yo ak defansè yo ki ap ankouraje eta a pou li **rekonsidere oswa modifye chanjman ADAP pwopoze**
- **Ap kontakte Depatman Sante Florid la nan nivo Eta** a epi mande klarifikasyon sou kijan chanjman ADAP yo pral aplike
- Ap idantifye **Pwogram Asistans Pasyan** konpayi famasetik yo pou ede kouvri pri medikaman yo
- Ap kowòdone ak pwogram sante lokal yo pou ede **bay sipò pou asistans manje ak koneksyon ak sèvis swen**, kote ki disponib

- **Ap prepare yon plan kontinjans** pou ede asire ke kliyan yo ka kontinye resevwa sèvis medikal ki gen rapò ak VIH si sa nesesè

Kisa k ap vini apre

Lè plis enfòmasyon vin disponib, Konte Miami-Dade ap kontinye pataje dènye enfòmasyon yo atravè:

- Casemanjè ou a
- Founisè sèvis lokal yo ak pwogram sipò yo
- Paj wèb Sipò ak Resous VIH/SIDA Konte Miami-Dade: www.miamidade.gov/HIVSupport
- Paj wèb Pwogram Ryan White Konte Miami-Dade: www.miamidade.gov/global/management/ryan-white-program.page.

Nou pwomet pou nou pataje enfòmasyon a klèman e presizeman epi pou nou ka fè tout sa ki posib pou nou sipòte w pandan moman sa a. Ou pa poukont ou.

Sensèman,



Carla Valle-Schwenk
Administratè Pwogram nan